**दिन–गुरूवार** **दिनांक–18.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे भारतक सांस्कृतिक विरासत के नव उत्साहक संग बचायब, बढ़ायब आ आगू लऽ जाएबाक काज कएल जा रहल अछि। सोशल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी जनौलनि जे 'विरासत सेहो, विकास सेहोक सोच सँ प्रेरित भऽ कऽ, पुरान चीज सभक वापसि सँ लऽ कऽ आध्यात्मिक आ तीर्थ यात्रा सँ जुड़ल बुनियादी ढांचा के मजगूत करवाक प्रयास लोक सभ के भारतक सनातनी परंपरा सँ फेर सँ जोड़ि रहल अछि। केंद्रीय मंत्री आ मुंगेरक सांसद राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अगुआई में देश विकसित भारतक लक्ष्यक दिस बढ़ि रहल अछि। ओ जनौलनि जे वर्ष दू हजार सैंतालीस धरि भारत कँ विकसित राष्ट्र बनेबाक संकल्प के पूरा करय में सभ कार्यकर्ता लोकनिक महत्वपूर्ण भूमिका अछि। श्री सिंह मुंगेरक पोलो मैदान में आयोजित विकसित भारत संकल्प सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे "बारह साल बेमिसाल" खाली नारा मात्र नहि अछि, बल्कि केंद्र सरकारक काज सभक असली रूप अछि।

---

मुख्यमन्त्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अगुआई में देश तेज गति सँ विकास कऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे भाजपा अपन संकल्प सभ के पूरा करयवला पार्टी अछि। मुख्यमंत्री आइ पटना जिलाक नौबतपुर प्रखंडक पीपलावां में भारतीय जनता पार्टी दिस सँ आयोजित विकसित भारत संकल्प सम्मेलन के संबोधित कऽ रहल छलाह। मुख्यमंत्री कार्यकर्ता लोकनि सँ राज्य सरकारक सहयोग पोर्टलक खूब प्रचार–प्रसार करब आओर लोक सभक समस्या के पोर्टलक माध्यम सँ सरकार धरि पहुँचावेक लेल जनौलनि, जाहि सँ ओकर शीघ्रहिं समाधान भऽ सकय। ओ जनौलनि जे एहि सँ सरकार आ जनताक बीच गपशप आ विश्वास आओरो मजगूत होयत। श्री चौधरी सीतामढ़ी में बनि रहल मां सीता मंदिरक सेहो चर्चा कयलनि। ओ जनौलनि जे ई मंदिर श्रद्धालु लोकनिक आस्थाक पैघ केन्द्र थिक आओर एहि के बनेबाक काज वर्ष दू हजार उनतीस सँ पहिने पूरा कऽ लेल जायत। कार्यक्रम में सहकारिता मंत्री रामकृपाल यादव, बिक्रमक विधायक सिद्धार्थ सौरभ आओर पैघ संख्या में भाजपा कार्यकर्ता आ स्थानीय लोक सभ छलाह।

---

केंद्र सरकार वित्तीय वर्ष दू हजार छबीस–सत्ताईस में छबीस हजार किलोमीटर सँ बेसी ग्रामीण सड़क बनाओत। ग्रामीण विकास मंत्रालयक अनुसार, प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजना आ ओहि सँ जुड़ल ग्रामीण संपर्क सँ ग्रामीण सड़क बनेबाक लेल अठारह हजार नओ सय करोड़ सँ बेसी टाका आवंटित कयल गेल अछि। ग्रामीण सड़क संपर्क परियोजनाक प्रगतिक जांच लेल एकटा उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयल गेल। बैसार में बिहार सहित कतेको राज्यक वरिष्ठ अधिकारी सभ भाग लेलनि।

——————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि अछि जे छात्रा आ बेटी सभक सुरक्षा लेल राज्यक विद्यालय आ महाविद्यालय लग पुलिस दीदी सभक तैनाती कयल जायत। पटना गांधी मैदान मे बिहार गृह रक्षा वाहिनीक नव नामांकित गृह रक्षक सभक पासिंग आउट परेड समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे पाँच हजार स्कूटी आ मोटरसाइकिल सँ पुलिस दीदी सभक सुरक्षा लेल तैनात रहती, जाहि सऽ छात्रा सभ सुरक्षित रहतिह ।

——————————————————

राज्य सरकार वरिष्ठ अधिवक्ता एस.डी संजय के नव महाधिवक्ता बनौलक अछि। एहि लेल विधि विभाग अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि। श्री संजय पटना उच्च न्यायालयक वरिष्ठ अधिवक्ता छथि।

——————————————————

बिहारक प्रथम उप मुख्यमंत्री बिहार विभूति अनुग्रह नारायण सिंहक आइ जयंती अछि। एहि मौका पर बिहार विधानमंडल परिसर में आयोजित मुख्य राजकीय समारोह में मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, बिहार विभूतिक मूर्ति पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धासुमन अर्पित कएलनि।

——————————————————

मद्य निषेध सिपाही भर्ती परीक्षाक दरमियान दरभंगा जिलाक फराक–फराक परीक्षा केंद्र सँ छओ गोट फर्जी परीक्षार्थी के गिरफ्तार कएल गेल अछि। पकराएल आरोपी सभ नवादा, गया, अरवल, रोहतास, भोजपुर आ भागलपुरक रहनिहार छथि। आरोपी सभक लग सँ ब्लूटूथ, वॉक–टॉक सहित कतेको इलेक्ट्रॉनिक सामान बरामद भेल अछि। मामिला के लऽकऽ जिलाक फराक–फराक थाना मे प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि।

——————————————————

प्रदेश में मानसून अखनो कमजोर बनल अछि। स्थानीय कारणक असरि सँ राज्यक उत्तर–पूर्व भाग मे किछु ठाम हल्लुक सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। पिछला चौबीस घंटाक बिच किशनगंज जिलाक गलगलिया में सभ सँ बेसी उनहत्तरि दशमलव आठ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बिच बेगूसराय, लखीसराय आ मुंगेर जिला मे भारी बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त